

8 KONSÈY MWEZI POU NETWAYE



**Pwoteje
tèt ou**

Mete ekipman pwoteksyon pèsònèl sou ou (gan, mask, gwo linèt) pou pwoteje je, nen, bouch, ak po ou.



**Jete! Mete
deyò!**

Nenpòt kisa ki te mouye nan dlo inondasyon e ki pa kapab netwaye ak finn seche nèt nan yon delè 24 a 48 èdtan dwe al deyò. Pran foto sa w ap jete yo pou si ou gen pou w fè reklamasyon pou asirans.



**Fè lè
rante**

Ouvri tout pòt ak fenèt lè w ap travay, epi kite yo ouvri si sa san danje, lè w ap deplase.



Fè lè Sikile

Lè li san danje pou w sèvi avèk kouran, sèvi avèk vantilatè ak dezidimifikatè pou retire imidite.



**Pa melanje
pwodwi
netwayaj**

Si w ap sèvi ak pwodwi netwayaj, pa melanje pwodwi ansanm. PA melanje klowòks ak amonyak paske sa kapab kreye vapè ki toksik.



**Fwote
sifas**

Netwaye avèk dlo ak yon detèjan. Retire tout mwezi ou kapab wè. Seche touswit.



**Pa kouvri li,
retire li**

Pentire ak penti oswa mastik pou kouvri mwezi an pa anpeche mwezi an kontinye grandi. Fin ranje pwoblèm dlo a nèt epi retire mwezi an anvan ou pentire ak penti oswa mastik.



Seche li

Seche kay ou ak tout bagay ladann leplivit posib - disi 24 a 48 èdtan si ou kapab.

<http://www.cdc.gov/mold/cleanup.htm>

